



# AP VINI BYENTO : MANM KOMITE KONSILTATIF MASSHEALTH

MassHealth kontan anpil pou l anonse fòmasyon yon nouvo Komite Konsiltatif pou Manm MassHealth (MAC) nan ete 2024. MAC la pral angaje manm MassHealth ak fanmi yo pou amelyore kalite ak aksè nan swen pou manm MassHealth yo.

MassHealth ap fè patenarya ak [Collective Insight](#) pou ede lanse MAC la. Yo se yon ti biznis nan Massachusetts ke fanm posede ki sipòte enklizyon divès kominote pou amelyore pwogram yo. Collective Insight pral sipòte devlopman MAC, ki gen ladan jesyon planifikasyon kontak ak opinyon kominote a.



## APRANN PLIS EPI PATISIPE!

Collective Insight ap cheche opinyon kominote a pou: Kreye epi revize materyèl kontak ak aplikasyon MAC yo

- Pwopaje pawòl la osijè MAC
- Pataje aplikasyon MAC la nan kominote w yo
- Ankouraje manm ki soti nan divès orijin pou aplike
- Diskite sou sijesyon pou fè MAC la reyisi



Tanpri ranpli [fòm](#) sa a (Kòd QR) pou aprann plis. Si w prefere, ou ka kontakte Haylee, nan Collective Insight, nan (774) 257-4194 oswa [Haylee@collectinsight.com](mailto:Haylee@collectinsight.com). Ou ka jwenn lòt fòma ak lang nan apèsi sa [isit la a](#). Tanpri pa fè reta!